

DIAJAR BASA SUNDA DI TK/RA

Yayat Sudaryat

1. Purwawacana

Barudak TK/RA kagolong barudak umur 4—6 taun, anu ilahar disebut dina mangsa Pendidikan Anak Usia Dini (PAUD) atawa barudak umur prasakola. Ieu umur teh aya dina mangsa sensitif keur barudak, babari nampa tur nyangreb rupining tarekah pikeun ngamekarkeun sagemblengna potensi barudak. Ieu mangsa teh baris ngasakkeun rupining fungsi fisik jeung psikis nu geus sayaga pikeun ngarespon stimulasi anu aya dina lingkungan pakumbuhana. Atuh munasabah lamun ieu mangsa jadi tatapakan munggaran dina mekarkeun kamampuh fisik, kognitif, basa, sosial emosional, konsep diri, disiplin, kamandirian, seni, moral, katut ajén-inajén agama. Ku kituna, perlu ayana kondisi jeung stimulasi anu luyu jeung kabutuh barudak sangkan tumuwuh jeung mekar kalawan keuna (optimal).

Peran pangatik (kolot, guru, jeung nu lianna) diperlukeun pisan dina narekahan mekarkeun potensi barudak. Eta tarekah teh kudu dilakonan ngaliwatan kagiatan “ulin bari diajar” atawa “diajar bari ulin”. Ku kituna, barudak boga kasempatan pikeun nyungsi (eksplorasi), manggihan, kedaling (ekspresi) diri, kreasi, jeung diajar pikaresepeun. Jaba ti eta, ulin bisa mantuan barudak pikeun mikawanoh dirina sorangan, batur, katut lingkungan kumbuhna.

Salahasahiji aspek kamekaran barudak nyaeta aspek basa. Kamekaran basa raket patalina jeung kamekaran mental katut paripolahna. Lamun dibiasakeun make basa anu bener tur merenah, barudak bakal tumuwuh jeung mekar dina gaul kalawan alus tur hormat.

Barudak teh kapan deukeut jeung indungna. Ari komunikasi antara indung jeung anak raket, efektif, tur efisien pisan. Salahasahiji basa anu raket jeung barudak nyaeta basa indungna. Di Jawa Barat, upamana, basa indung barudak teh nyaeta basa Sunda, najan aya basa Indonesia jeung basa daerah lian. Basa indung jadi tatapakan awal keur barudak dina diajar basa, kedaling, tur mikir. Barudak anu parigel basa indungna loyogna bakal leuwih babari diajar basa kadua (basa Indonesia) atawa basa kosta. Ku kituna, basa Sunda minangka basa indung pikeun barudak di Jawa Barat perlu diwanohkeun ka barudak ti anggalna kenéh (usia dini atawa prasekolah (TK/RA)).

Dina dasarna atikan di TK/RA museur kana dua aspek kamekaran dina ngawangun paripolah ngaliwatan dua cara, nyaeta (1) ngabiasakeun jeung (2)

mekarkeun kamampuh dasar. *Kahiji*, ngawawung paripolah ku cara ngabiasakeun (tuman) dilakonon kalawan mayeng tur aya dina pakumbuhan sapopoe barudak nepi ka jadi tuman atawa kabiasaan nu hade. Ieu widang ngawengku mekarkeun moral jeung ajen-inajen agama, sosial, emosional, katut kemandirian. *Kadua*, mekarkeun kamampuh dasar anu nyoko kana sasayagaan guru dina ngundakkeun kamampuh jeung karancagean luyu jeung tahap kamekaran barudak. Kamampuh dasar anu dimekarkeun ngawengku kamampuh basa, uteuk (kognitif), gerak awak (fisik/motorik), jeung seni.

Ku ngawangun kabiasaan jeung mekarkeun eta kamampuh dasar, utamana kamampuh basa Sunda, barudak bisa tumuwuh tur mekar jadi barudak anu *cageur, bageur, bener, pinter, singer, pangger*, tur *teu kabalinger*.

2. Program Ngawanohkeun Basa Sunda di TK/RA

Pikeun ngawanohkeun tur ngabelejakkeun basa Sunda di TK/RA, disusun Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) Kamampuh Basa Sunda. Ieu SKKD teh aya dina SK Gubernur Nomer 423.5/Kep.674-Disdik/2006, anu eusina mangrupa program pikeun mekarkeun kamampuh komunikasi ngaliwatan basa Sunda, nyaeta ngedalkeun rasa, pikiran, jeung kahayang ngaliwatan basa anu basajan tur keuna.

Mekarkeun kamampuh basa Sunda pikeun barudak TK/RA boga fungsi minangka pakakas pikeun (1) komunikasi jeung lingkungan kumbuhna; (2) mekarkeun intelektual barudak; (3) mekarkeun kedaling (ekspresi) barudak; jeung (4) ngedalkeun rasa, kahayang, jeung pikiran ka nu lian. Dumasar ka dinya, mekarkeun kamampuh basa Sunda di TK/RA boga tujuan sangkan barudak (a) meunang pangalaman make basa Sunda, (b) bisa komunikasi make basa Sunda, (c) ngajenan tur mekarkeun basa Sunda minangka basa indung, basa daerah, jeung basa resmi kadua di Jawa Barat sabada basa Indonesia.

Ari standar kompetensi lulusan (SKL) Taman Kanak-kanak (TK)/Raudhatul Athfal (RA) dina basa Sunda nyaeta (a) daek arulin make basa Sunda, jeung (b) bisa mikawanoh tur ngucapkeun kandaga kecap basa Sunda basajan anu patali jeung lingkungan kaumbuhna. Tangtu wae wengku kamampuhna nyoko kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis, sanajan bari basajan tur dituyun keneh.

Tabel 1: Kemampuan Berbahasa Sunda Kelompok A

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
0.1 Mampu menyimak, berbicara, memiliki kosa kata, dan mengenal simbol-simbol bahasa yang melambangkannya.	0.1.1 Menyimak dan membedakan bunyi suara, bunyi bahasa Sunda, dan mengucapkannya.
	0.1.2 Menyimak dan memahami kata dan kalimat sederhana.
	0.1.3 Berbicara tentang jati diri, pengalaman, dan menjawab pertanyaan sederhana.
	0.1.4 Memperkaya kosa kata sehari-hari yang berkaitan dengan nama-nama anggota tubuh.
	0.1.5 Mengenal bentuk-bentuk simbol-simbol sederhana (pramenulis).
	0.1.6 Menyebutkan gambar secara sederhana (pramembaca)
	0.1.7 Menghubungkan bahasa lisan dan bahasa tulis (pramembaca)
	0.1.8 Mengucapkan salam dan berperilaku sopan santun.
	0.1.9 Menyanyikan rumpaka lagu kawih.

Tabel 2: Kemampuan Berbahasa Sunda Kelompok B

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
0.2 Mampu menyimak, berbicara, memiliki kosa kata, dan mengenal simbol-simbol bahasa yang melambangkannya untuk persiapan membaca dan menulis.	0.1.1 Menyimak dan memahami kata dan kalimat sederhana serta mengucapkannya dengan lafal yang benar.
	0.1.2 Berbicara dengan lancar dan benar tentang jati diri, pengalaman, dan sesuatu hal.
	0.1.3 Memperkaya dan mengucapkan kosa kata sehari-hari yang berkaitan dengan lingkungan sekitar.
	0.1.4 Mengenal bentuk-bentuk simbol-simbol sederhana dan menuliskannya (pramenulis).
	0.1.5 Menyebutkan gambar dengan lengkap (pramembaca)
	0.1.6 Menghubungkan bahasa lisan dan bahasa tulis dengan membacakan kelompok kata dan kalimat sederhana (pramembaca)
	0.1.7 Menghubungkan bahasa Sunda lisan dan bahasa tulis dengan membacakan kelompok kata dan kalimat sederhana (pramembaca).
	0.1.8 Berbahasa santun (<i>tatakrama basa</i>) dan berperilaku ramah.
	0.1.9 Menyanyikan rumpaka lagu kawih Sunda dengan benar.
	0.1.10 Menampilkan sajak Sunda yang sederhana dengan gaya.
	0.1.11 Mengekspresikan cerita dan lagu dalam gerakan, termasuk permainan anak-anak (<i>kaulinan barudak</i>).

3. Prinsip jeung Padika Ngawanohkeun Basa Sunda di TK/RA

Ngawanohkeun atawa pangajaran basa Sunda di TK/RA dumasar kana prinsip-prinsip kieu.

- 1) Bahan latihan/kagiatan, paguneman dicokot tina lingkungan barudak atawa tema nu tangtu.

- 2) KBM museur kana Standar Kompetensi, Kompetensi Dasar, jeung Indikator, sarta ditarekahan tur dipatalikeun kana tema
- 3) Barudak dibere kalaluasaan pikeun ngedalkeun rasa, pikiran, jeung kahayangna, sarta alusna mah saharita bae (spontanitas)
- 4) Komunikasi antara guru jeung barudak kudu aya dina suasana loma (akrab).
- 5) Guru nyontoan dina cara makena basa Sunda.
- 6) Bahan kudu nyoko kana eusin pikeun mekarkeun intelektual, emosional sarta luyu jeung tahap kamekaran barudak jeung lingkungan kumbuhna.
- 7) Ulah dibere pangajaran maca jeung nulis cara di SD/MI.

Dina prakna mekarkeun kamampuh basa Sunda bisa make rupa-rupa metode/teknik pangajaran, di antarana wae: (1) ngadongeng, (2) kaulinan basa, (3) sandiwara boneka, wayang, (4) paguneman, (5) tanya jawab, (6) dramatisasi, (7) deklamasi, (8) ngaragakeun, jeung (9) karyawisata

4. Watek Barudak TK

Barudak TK/RA mibanda sawatara ciri fisik, sosial, emosi, jeung kognitif. *Kahiji*, ciri waruga (fisik) barudak ilaharna (1) rancingeus (aktif), (2) motekar, (3) bongsor, (4) koordinasi leingeun, suku, jeung panon can sampurna; (5) awakna babari gerak, jeung (6) barudak lalaki leuwih gede ti batan barudak awewe. *Kadua*, ciri sosial barudak ilaharna (1) sosobatan jeung saurang atawa duaan tur babari ganti; (2) arulin dina kelompok leutik, (3) barudak leutik misah ti barudak nu leuwih gede; (4) pola arulinna rineka luyu jeung kelas sosial katut gender (jenis kelamin); (5) babari parasea tapi babari akur deui; jeung (6) geus mimiti apal peran gender. *Katilu*, ciri emosi barudak ilaharna (1) kedaling rasana bebas tur taya kahamham, (2) sikepna babari ambek, (3) sirik ka babaturanana, (4) mika hate kolot atawa guruna. *Kaopat*, ciri kognitif barudak ilaharna (1) pinter cacarita, (2) rasa hayang nyahona gede, jeung (3) ngedalkeun pikiranana lagawa tur saharita (spontan).

5. Kalemesan Budi

Barudak bisa mimiti sina (a) diajar mikanyaho (*learning to know*), (b) diajar migawé (*learning to do*), (c) diajar mibanda (*learning to be*), jeung (d) diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*). Barudak oge kudu sina meunang pangalaman diajar nu pikaresepeun. Barudak oge kudu boga kalemesan budi. Geuning

aya pupuh Masakumambang, minangka hasil ‘guneman haté jeung pikiran (uteuk)’, anu unina kieu.

*Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,
manéh kahutangan,
ku kolot ti barang lahir,
nepi ka ayeuna pisan.*

Diajar migawé atawa kaparigelan (*learning to do, skill*) nétélakeun yén diajar téh lain ngan semet inget wungkul, dapon apal waé. tapi kudu ngarti tur surti, malah kudu parigel, boh ngucapkeunana boh migawéna. Nya ucap nya lampah (?) Diajar basa, lain keur élmu, tapi keur gaul (komunikasi). Lain diajar tata basa heula, tapi langsung bacéo, torojogan nyarita. Sing nepi ka bisa cas-cés-cos ngawangkong.

Diajar mibanda (*learning to be*) nétélakeun yén kamampuh, kamahéran, jeung batin atawa afektif kudu jadi milikna sorangan. Siswa diajar ngawangun panyangkemna sorangan kalawan rancagé (*students learn best by actively constructing their own understanding*). Ku cara kitu dipiharep siswa bisa asup kana “Gapura Panca waluya”, lima lawang pikeun hirup barina hurip, salamet di dunya jeung di ahérat, nyaéta *cageur, bageur, bener, pinter*, jeung *singer*, tapi henteu *kabalinger*.

Diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*) nyoko kana diajar ngelompok téa. Ku cara ngelompok siswa bisa gawé babarengan, rempug jukung sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak. Dina diajar sing bisa silih élédan (*sharing*) jeung babaturan. Patali jeung diajar hirup babarengan aya pupuh Pucung anu unina kieu.

*Utamana jalma kudu réa batur,
Keur silih tulungan,
Silih titipkeun nya diri,
Budi akal ngan ukur ti pada jalma.*

Tina opat pilar diajar téh, siswa sing jadi “teuneung jeung ludeung” dina nyorang pakumbuhan. Robah sikepna, tina “sawios abdi mah di pengker”, jadi kudu aya di baris hareup. Sikep ngabaékeun kana diajar lantaran teu boga buku, “atuda teu gaduh artos kanggo mésér buku”, kudu dirobah “sanajan teu gaduh artos, buku mak tetep ngagaleuh”.

6. Sikep din Ngawanohkeun Basa Sunda di TK/RA

Kumaha rarambu pangajaran basa jeung sastra Sunda umumna? Pangajaran basa jeung sastra Sunda umumna dumasar kana kompetensi miboga rambu-rambu, di antarana, kieu.

- (1) Enas-enasna, diajar basa téh nya éta diajar komunikasi. Ku kituna, pangajaran basa Sunda dipuseurkeun kana kamampuh siswa dina komunikasi lisan--tulis.
- (2) Pangajaran basa Sunda ditujukeun sangkan siswa weruh, mahér, jeung alus sikepna kana basa jeung sastra Sunda.
- (3) Kecap boga kalungguhan penting dina mekarkeun kognisi siswa. Kandaga kecap bisa ngabeungharan kekecapan siswa.
- (4) Pangajaran sastra Sunda ditujulkeun sangkan siswa mampuh ngaaprésiasi jeung ngaekpresikeun karya sastra, anu engkéna boga kaweruh sastra.
- (5) Kompetensi dasar dipuseurkeun kana kamaheran basa: maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Konsép basa jeung sastra dibaurkeun (diintegrasikeun) kana pangajaran kamaheran basa.

Kumaha Diajar Basa Sunda di TK/RA? Diajar basa dina Program TK/RA kaasup kana salasihiji tina opat “mekarkeun kamampuh dasar”, tilu kamampuh dasar liana nya eta mekarkeun kaweruh, mekarkeun fisik, jeung mekarkeun akademik. Mekarkeun basa teh ari kabehna mah ngurung opat aspek kamaheran, nya eta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Kumaha mekarkeun sosial jeung emosional dina diajar basa Sunda di TK/RA? Rea cara anu bisa disorang? Sakurang-kurang kacatet aya dua puluh cara dina mekarkeun sosial jeung emosional diajar murid. Geura urang tengetan hiji-hijina.

- a. Ngagiring sasayagaan diajar murid
- b. Ngamangpaatkeun rupining media saperti audio-visual
- c. Ngayakeun praktek
- d. Midangkeun pangajaran kalawan keuna (*proporsional*)
- e. Guneman tur manjing akal (*rasionalisasi*)
- f. Cacarita
- g. Ngupamakeun
- h. Gede karepna (*Antusiasme*)
- i. Gerak awak (*kinesik*)
- j. Sketsa jeung Gambar
- k. Argumentasi
- l. Ngahudang karancagean (kreativitas) mikir barudak
- m. Dibalikan deui
- n. Pemetaan
- o. Wawancara
- p. Nguji kamampuh murid

- q. Ngarojong kabinekasan barudak
- r. Ngajawab leuwih ti samistina
- s. Ngajentrekeun deui jawaban barudak
- t. Lagawa (sportif) dina ngajawab

Kumaha watek pangatik TK/RA? Aya sawatara watek anu kudu dipimilik ku hiji pangatik, di antarana bae:

- a. Miharep rido ti Gusti
- b. Jujur jeung amanah
- c. Ajeg kana ucap jeung lampah
- d. Adil tur teu ngabeda-beda (egaliter)
- e. Hade ahlakna
- f. Handap asor
- g. Wanian
- h. Nyiptakeun suasana duduluran
- i. Sabar tur wijaksana
- j. Hade tata hade basa
- k. Lagawa tur umaing (egois)

c. Peran jeung Kawajiban Pangatik

Peran jeung kawajiban pangatik, di antarana bae:

- a. Ngipuk akidah anu kuat ka muridna
- b. Mere wewengan ur wejangan (*taushiyah*)
- c. Amis budi
- d. Wijaksana dina nepikeun hal-hal goreng
- e. Ngucapkeun pangwilujeng (salam)
- f. Wijak dina ngahukuman barudak.
- g. Ngahudang prestasi ku pujian atawa hadiah

7. Pamunah Wacana


Sakitu baé heula. Moal rék panjang-panjang, bilih kalah réa salah. Mugia katampi tur aya maunahna. Sing jadi jampé pamaké dina ngawulangkeun basa jeung sastra Sunda anu hade tur merenah. Cag, ah! (**Pangancikan, Juni 2007**).


Kumaha Kurikulum Standar Kompetensi téh?

3. Ka mana Loyogna Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda?


Anu has tina KSK téh ayana istilah *kompetensi*. Ceuk dina basa Sunda mah, sarua jeung 'kamampuh'. Eusina mangrupa kaweruh (kognitif), kamaheran (psikomotor), jeung ajén-inajén (afektif) dasar, anu diebrehkeun (direfleksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajég (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampuh (kompetén) pikeun milampah hiji hal.

Kompeténsi basa jeung sastra Sunda nyoko kana kompetensi wacana, anu nurutkeun Celce-Murcia et al. (1995:10), ngalibetkeun rupa-rupa kompetensi paripolah (*actional competence*) anu ngawengku kompetensi polah ucap keur basa lisan jeung jeung kompetensi retorik keur basa tulis; kompetensi sosial budaya (*sociocultural competence*), kaasup kompetensi sastra, jeung kompetensi strategis (*strategic competence*). Baganna kieu.





KOMPETENSI KOMUNIKATIF BASA



KAGIATAN NGAWANOHKEUN BASA

Komunikasi ku cara lisan

1. Ngaragakeun drama (*dramatic play*)
2. Menuduhkeun jeung Nyaritakeun (*show and tell*)
3. Ulin satata jeung gae bareng (*parallel and cooperative play*)
4. Mikawanoh huruf atawa aksara:
 - a. Latar kelas
 - b. Ulin kartu huruf
 - c. Luncat ngaran
 - d. Ngagunting jeung nemplkeun huruf
5. Maca munggaran
 - a. Maca label jeung tanda
 - b. Maca buku carita migambar
 - c. Nyokot kartu gambar
 - d. Ngalayankeun gambar jeung kecap
 - e. Maca koran jeung majalah
 - f. Maca pituduh make
4. Nulis munggaran
 - a. Cocoretan/curat-coret
 - b. Nulis ngaran sorangan (wasta)
 - c. Ngagunakeun mesin ketik
 - d. Ngagunakeun komputer
 - e. Ngagunakeun telepon/HP
 - f. Ulik dikte
 - g. Ulin nulis surat
 - h. Ulin nulis menu
 - i. Nulis buku mipola
 - j. Mere katerangan gambar
6. Acuan pikeun barudak (anak usia dini)
 - a. sasatoan
 - b. tutuwuhan
 - c. gunung
 - d. atlas jeung babagian bumi
 - e. kota-kota gede
 - f. tutumpakan
 - g. Jalma kawentar
 - h. jste.
7. Puisi pikeun barudak (anak usia dini)